



Swen Lakay pou granmoun leta finanse (Massachusetts)

Biwo Egzekitif pou Zafè Granmoun nan Massachusetts bay sèvis swen nan kay pou granmoun aje ki elijib yo. Yon manadjè ka, an kolaborasyon avèk pasyan an, ap detèmine elijibilite epi apwouve sèvis ki apwopriye yo.

Sèvis yo ka gen ladan èd pou netwaye kay, èd pou swen pèsònèl, yon pwogram sante lajounen pou granmoun, manje ke yo livre nan kay, transpò, ak jesyon lajan. Gade lis konplè a nan: [mass.gov/service-details/home-care-services](https://www.mass.gov/service-details/home-care-services).

Elijibilite

Pou kalifye, yon moun dwe reyini kritè tankou laj, bezwen swen ak èd finansyèl.

- Laj:** moun nan dwe gen plis pase 60 lane, oubyen tou mwens pase 60 lane avèk yon dyagnostik Maladi Alzheimer epi ak bezwen pou sevis repi.
- Nesesite pou jwenn laswenyaj:** moun lan dwe bezwen èd nan seten domenn espesifik epi li dwe gen “bezwen imedya ki pa satisfè”.
 - Bezwen imedya ki pa satisfè yo** gen ladan **aktivite lavi toulejou yo** (ADL en anglè): benyen, abiye, manje, fè twalèt, kontwol esfinkèt, transfè, ak mobilite), epi **aktivite pou viv endepandan nan kominote annapre la yo** (oswa IADL yo): preparasyon manje, fè acha, transpò medikal, ak bezwen pou sèvis sante nan kay oswa swen repi.
 - IADL siplemantè, ki pa kritik, gen nan yo lesiv, jesyon lajan, travay nan kay, itilizasyon telefòn, mobilite nan espas ki louvri, ak pran medikaman.
 - Yap etabli yon priyorite selon kob ki disponib pou bay sevis. An jeneral, plis gen ADL ak IADL ki bezwen asistans, plis nivo priyorite ap ogmante. Moun ki sèlman (oswa prensipalman) bezwen èd pou IADL yap oubyen klase kom priyorite ki ba oubyen ka pa kalifye.
- Asistans finansyèl:** An 2024, pou kalifye kob maximom kap rantre nan kay la se \$33,659 pou yon moun oswa \$47,626 pou yon koup. Manm MassHealth yo elijib finansyèman.
 - Eksplikasyon sou sèvis repi** - Moun k ap bay laswenyaj chak jou pou yon granmoun gendwa kalifye pou èd yo peye pou sèvis repi. Kantite èd la depann de kob ki rantre nan kay la, men limit pou kob ki rantre nan kay la depase limit swen nan kay nou mentyone avan. Gade nan: [mass.gov/service-details/check-eligibility-guidelines-for-home-care](https://www.mass.gov/service-details/check-eligibility-guidelines-for-home-care).

Pou Aplike pou benefis

Rele nan 800AgeInfo (800-243-4636 oswa TTY 800-872-0166) oswa tcheke nan massoptions.org/massoptions/ pou jwenn ajans **Pwen Aksè Sèvis Vyeyès** lokal ou (Aging Services Access Point, ASAP).